**दिन–गुरूवार** **दिनांक–06.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कांग्रेस पर तुष्टीकरणक राजनीति करबाक आरोप लगबैत कहलनि जे पार्टी मात्र एक परिवार धरि सिमटि गेल अछि। प्रधानमंत्री आइ राज्यसभा मे संसदक संयुक्त बैसक मे राष्ट्रपति के अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चा के उत्तर दऽ रहल छलाह। श्री मोदी कहलनि जे कांग्रेस सँ “सबका साथ सबका विकास” के अपेक्षा करब बेकार अछि। श्री मोदी कहलनि जे देश एनडीए के विकास मॉडल के स्वीकार करैत लगातार तेसरो बेर सेवा के अवसरि देलक अछि। राष्ट्र प्रथम के भावना के मानदंड मानैत हुनक सरकार काज कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे हुनक सरकार अनुसूचित जाति, जनजाति अधिनियम के मजगूत बनौलक अछि। आन पिछड़ा वर्गक मांग के पूरा करैत ओबीसी आयोगक गठन कयल गेल अछि। श्री मोदी कहलनि जे हुनक सरकार सामान्य वर्गक गरीब सभ के दस प्रतिशत आरक्षणक सुविधा प्रदान कयलक अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दस फरवरी के परीक्षा पे चर्चाक माध्यम सँ देश–विदेशक छात्र, शिक्षक आ अभिभावन लोकनि सँ वार्ता करताह। मंत्रालयक अनुसार एहि कार्यक्रम मे हरेक राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ सँ छत्तीस विद्यार्थी लोकनिक चयन विभिन्न स्कूल सभ सँ कयल गेल अछि। एहि कार्यक्रम सीधा प्रसारण दूरदर्शन स्वयं, स्वयंप्रभा, प्रधानमंत्री कार्यालय के यू–ट्यूब चैनल आ शिक्षा तथा सूचना प्रसारण मंत्रालयक सोशल मीडिया चैनल पर कयल जायत। परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम एक संवाददात्मक कार्यक्रम अछि जाहि मे देश तथा विदेशक शिक्षक आ विद्यार्थी अभिभावक प्रधानमंत्रीक संग चर्चा करैत छथि। एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य परीक्षाक दरमियान छात्र लोकनि के परीक्षाक तनाव के कम करब अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के चौबीस फरवरी के भागलपुरक प्रस्तावित दौरा के लऽकऽ तैयारी तेज भऽ गेल अछि। कृषि मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे श्री मोदी भागलपुर मे आयोजित कार्यक्रम सँ पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक उन्नैसम किस्त के राशि जारी करताह। ओ जनौलनि जे एहि कार्यक्रम मे राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो सम्मिलित होयताह।

—————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रगति यात्राक क्रम मे शेखपुरा जिला मे छियानवे करोड़ तिरपन लाख टाका सँ बेसी राशि के एक सय बीस विकास परियोजना सभक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। संगहि ओ लखीसराय मे आयोजित कार्यक्रम मे चारि सय चौवालीस करोड़ टाकाक विभिन्न योजना सभक लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार विभिन्न विभाग सभक स्टॉलक निरीक्षण कयलनि आ राज्य सरकारक योजना लाभार्थी आ जीविका दीदी सभक संग संवाद कयलनि।

—————————————————————————

पटना, नालंदा, वैशाली, जहानाबाद, सारण आ भोजपुर जिलाक पाँच–पाँच सरकारी विद्यालय सभ मे छात्र लोकनि के टैबलेट के माध्यम सँ उपस्थिति दर्ज कराओल जायत। शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ एहि संबंध मे जारी आदेश मे कहलनि अछि जे, पायलक प्रोजेक्ट के अंतर्गत पहिने कक्षा तीन के छात्र सँ दर्ज होयत। एहि जिला सभक चिन्हित विद्यालय सभ मे दस फरवरी सँ नव व्यवस्था प्रभावी होयत।

—————————————————————————

मोकामा के नौरंगा गाम मे पछिला दिन भेल गोलीबारी के मामिला मे पटना स्थित एमपी एमएलए अदालत पूर्व विधायक अनंत सिंह के जमानत याचिका खारिज कऽ देलक अछि। अदालतक एहि निर्णयक बाद अनंत सिंह के बेउर जेल पठा देल गेल अछि।

—————————————————————————

किशनगंज मे आइ एनडीए कार्यकर्ता सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। एहि सम्मेलन मे भाजपा आ जदयू सहित सभ पाँचो घटक दल के प्रदेश अध्यक्ष आ वरिष्ठ नेता सम्मिलि त भेलाह।

———————————————————————————

मौसक विभाग कहलक अछि जे पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान प्रदेशक न्यूनतम तापमान मे तीन सँ पाँच डिग्री सेल्सियस के कमी हेबाक संभावना अछि। ओकर बाद अगिला तीन दिन मे तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। ओतहि राज्यक उत्तरी हिस्सा मे काल्हि भोरे घनगर कुहेस लागल रहबाक पूर्वानुमान अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमान के संग मोतिहारी राज्यक सभ सँ ठंडा स्थान रहल।

———————————————————————————

जमूई जिलाक मलयपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत सुगियाटाड़ गामक लऽग एक ट्रैक्टर के उनटि गेला सँ तीन युवक के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि चारि आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। ई दुर्घटना प्रतिमा विसर्जन के बाद घर घुरबाक क्रम मे भेल।

———————————————————————————

सुपौल जिला प्रतापगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत श्रीपुर पंचायत स्थित भेंगाधारक लऽग अपराधी सभ एक फाइनांस कर्मी के गोली मारिकऽ हत्या कऽ देलक।

———————————————————————————

मधुबनी सँ उत्पाद विभागक टीम पाँच महिला तस्कर के शराबक संग गिरफ्तार कयलक अछि। सभ तस्कर के न्यायिक हिरासत मे जेल पठा देल गेल अछि।

———————————————————————————

सीतामढ़ीक कुख्यात अपराधी गुलाब नदाफ के ओकर एक सहयोगी से संग पुलिस गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। गिरफ्तार अपराधी पर जिलाक विभिन्न थाना मे दर्जनो मामिला दर्ज अछि।

———————————————————————————

समाप्त